

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Carita tina kajadian-kajadian anu geus karandapan ku hiji manusa disebutna pangalaman. Ku cara neuleuman runtuyan unggal kajadian tina pangalaman, urang bisa nyokot mangpaat pikeun kahirupan ayeuna jeung kahareupna. Sangkan bisa diteleuman ku masarakat ayeuna, carita anu ukur ditepikeun sacara lisan kudu didokuméntasikeun kana karya tulis anu satuluyna disebut karya sastra.

Karya sastra mangrupa wujud karya nu diciptakeun ku panulis tina pangalaman anu karandapan ku manéhna dina kahirupan sapopoéna, boh sagemblengna boh dibarengan ku daya imaji minangka prosés kréatif hiji panulis. Ieu hal luyu jeung pamadegan Umry jeung Winarti (2015, kc. 10) karya sastra mangrupa hasil polémik dina jero batin pangarang, nu ilaharna kajadian dina tulisan jeung lisan dicokot dina alam kahirupan sabudeureunna. Saluyu jeung kamandang Umry jeung Winarti loba karya sastra nu dianggap minangka carita nu sipatna nyata, yén karya sastra mangrupa gambaran tina kahirupan nyata nu diwangun dina wujud tulisan, sabab miboga alur nu sarua jeung carita nu aya di kahirupan masarakat.

Karya sastra anu gumelarna di tatar Sunda miboga kamekaran sorangan. Dina kamekaran éta ngamunculkeun papasingan dina karya sastra Sunda. Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 25-74) papasingan dina sastra Sunda ngawengku kana sababaraha wengkuan nyaéta ku wangun, warna, jeung wanda. Gumelarna karya sastra dina wangun puisi, prosa, atawa drama lantaran aya nu nyiptakeunana, nya éta pangarang. Pangarang salaku mahluk sosial moal leupas tina kaayan sosial anu disanghareupan. Karya sastra disebut-sebut minangka gambaran tina hiji kaayan sosial, lantaran karya sastra mangrupa karya cipta anu ngaéksprésikeun rasa jeung ngébréhkeun deui panitén, gagasan, sarta pangalaman pangarang dina nétélakeun masalah sosial nu disanghareupanna. Jadi saupama ditalaah leuwih teleb, dina karya sastra bakal katitén éksprési, rasa jeung sawangan pangarang kana hiji kaayaan.

Dina salah sahiji papasingan sastra Sunda aya wangun. Wangun karya sastra Sunda aya tilu nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Prosa mangrupa hasil tina daya imajinatif manusa anu wanguna karangan jeung rakitan basa sapopoé, lancar, tur

ngagunakeun intonasi nu matok. Prosa dina hakékatna dibagi kana tilu genré, nyaéta *roman*, *novél*, jeung carita pondok (*carpon*) (Wicaksono, 2017, kc. 17). Carita pondok mangrupa karangan tinulis fiksi atawa rékaan nu galur caritana rélatif basajan, éta hal lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa; museur kana hiji kajadian, tur palakuna ukur dua atawa tilu urang. Sanajan kitu, para tokoh miboga karakter nu patali jeung aspék-aspék nu diéksprésikeun ku pangarang (Isnendes, 2010). Dina *carpon* ogé euyeub ku ayana ajén-inajén dina eusi caritana, pikeun dilarapkeun dina kahirupan manusa sapopoé, éta ajén bisa jadi ajén moral, ajén éstétika, jeung ajén atikan. Disebut ajén moral téh mangrupa salah sahiji hal nu rék ditepikeun ku pangarang ka nu maca. Moral nu aya dina karya sastra biasana dipatalikeun jeung ajaran moral anu sipatna kawilang praktis dina kahirupan sapopoé manusa.

Ajén moral perlu pisan dilarapkeun ti leuleutik, di lingkungan kulawarga, sabab miboga fungsi pikeun cecekelan jeung bekel dadasar dina kahirupan manusa. Salian ti kulawarga, di lingkungan anu sipatna formal ogé perlu dilarapkeun boh di sakola boh lingkungan sabudeureunana. Ku kituna, dina kahirupan sapopoé moal bisa leupas dina moral. Ajén moral mangrupa tinimbangan nu dipaké di masarakat dina ngukur hadé goréngna pasipatan hiji jalma. Nilik kana kaayaan kiwari katitén pisan perluna tungtunan moral pikeun ngalelempeng manusa dina kahirupanana.

Ajén moral anu nyangkaruk dina karya sastra kawilang kompléks, sabab aya patalina jeung kahirupan manusa nyaéta éksprési kahirupan manusa anu teu leupas tina akar kahirupan masarakat. Ajén moral nyoko kana hadé goréngna lampah manusa nu ditilik tina segi kahadéan salaku manusa dina ngalarapkeun boh dina kahirupan sosialna boh kulawargana, kitu deui salaku cecekelan kahirupan manusa séjénna (agama, budi pekerti, jeung ahlak). Dumasar kana sababaraha kamandang, patokan ajén moral téh nyaéta ngeunaan kayakinan tina individu boh sacara psikologis boh sosiologis anu ngajadikeun pola jeung sikep pribadi manusa salaku cecekelan kahirupanana.

Sakumaha anu dijéntrékeun di luhur, *carpon* minangka karangan nu wangunna pondok nu kaasup kana sastra sampeuran jeung tangtu ngandung ajén-inajén, boh pikeun nu maca boh nu sipatna atikan pikeun ngeuyeuban pangaweruh, atawa pikeun ngeuyeuban paripolah hiji jalma. Dina éta kumpulan *carpon* kapaluruh ayana ajén moral, boh ajén moral ka pribadina boh ajén moral ka manusa lianna.

Éta hal salah sahiji ajén moral nu kapaluruh tur kacangking dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS.

Sababaraha karangan Hadi AKS, anu geus medal mangrupa buku di antarana aya novel *Saéni* (2014), kumpulan sajak *Ombak Halimun* (2002), kumpulan carpon *Oknum* (1998), kumpulan carpon *Kalapati* (2012), kumpulan fiksimini *Hompimpah* (2016), kumpulan sajak *Tembang Matapoé* (2018), jeung buku anu anyar medal nyaéta *Surat ti Palmira* (2022).

Anu ditalungtik dina ieu skripsi nyaéta kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS, nu eusina méré gambaran kahirupan sosial anu nyata. Saupama dipatalikeun jeung sipat karya sastra anu ngandung unsur kajujuran, rupa-rupa sikep jeung sawangan urang lembur nu basajan dina nyanghareupan kajadian-kajadian aktual (dina jamanna), kagambar dina buku kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS. Jujur dina nyaritakeunana tur éndah dina cara nepikeun pesen moralna.

Geus réa ogé anu nalungtik ngeunaan ajén moral dina wangun skripsi jeung karya tulis ilmiah séjénna, nyaéta “*Struktur Jeung Ajén Moral Dina Kumpulan Carpon Ceu Nonoy Putra Ua Banagara Karangan H. D. Bastaman Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra Di SMA*” (Devi Restika Sari, 2022) “*Kumpulan Carpon Wasiat Indung karya Deni Hadiansah (Ulukan Struktural jeung Ajén Moral)*” (Ilham Al Fahmi, 2022) “*Ajén Moral dina Novél Si Bohim jeung Tukang Sulap Karangan Samsuedi pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMP (Ulukan Struktural jeung Filsafat Moral)*” (Haryanti, 2020) “*Ulukan Struktur jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon Dua Wanoja Karya Chye Retty Isnendes pikeun Bahan Pangajaran di SMP*” (Cahya Nugraha, 2017) “*Ulukan Struktural jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon Sanggeus Umur Tunggang Gunung karya Usép Romli H.M pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP*” (Pepy Sri Anjarsari, 2015) “*Kumpulan Carpon Kanyaah Kolot Karya Karna Yudibrata pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP Kelas VII (Tilikan Struktur jeung Ajén Moral)*” (Jaenudin, 2011)

Tina sawatara judul di luhur, can aya nu medar ngeunaan kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS ngeunaan ajén moral kalawan maké ulikan struktural.

Muhammad Iqbal Fathoni, 2023

**KUMPULAN CARPON SURAT TI PALMIRA KARYA HADI AKS (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ku kituna, ieu panalungtikan nu dijudulan “Kumpulan Carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS (Ulukan Struktural jeung Ajén Moral)”, perlu dilaksanakeun sangkan méré ambahan pangaweruh ka nu séjén dina nalungtik karya sastra hususna ngeunaan ajén moral.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Idéntifikasi masalah dibutuhkeun dina ieu panalungtikan sangkan bisa leuwih gembeng jeung museur. Lantaran bahasan dina ieu kumpulan carpon rék dipedar teleb ngeunaan ajén moral dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar idéntifikasi masalah, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) kumaha struktur (téma, fakta carita, sarana sastra) dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS?
- 2) ajén moral naon waé anu nyampak dina buku kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah nu geus dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan husus sarta tujuan umum.

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum ieu panalungtikan pikeun nalaah ngeunaan ajén moral anu nyampak dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita (téma, fakta carita, sarana sastra) dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS

- 2) ajén moral anu nyampak dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira* karya Hadi AKS.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Dilaksanakeunna ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré mangpaat sacara tioritis jeung praktis, saperti ieu di handap.

##### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké ngalengkepan jeung ngabeungharan élmu pangaweruh ngeunaan studi karya sastra Sunda, hususna dina ajén moral sarta bisa dijadikeun pangdeudeul dina maham jeung ngaprésiasi karya sastra Sunda.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat dina ieu panalungtikan, dipiharep:

- 1) pikeun kamekaran élmu, bisa jadi sumber référénsi pikeun mahasiswa basa jeung sastra; leuwih jembar deui paélmaan ngeunaan karya sastra;
- 2) pikeun paguron luhur, bisa ngeuyeuban deui panalungtikan dina widang karya sastra, hususna anu ngandung ajén moral anu aya patula-patalina jeung karya sastra; jeung
- 3) pikeun masarakat umum, bisa nambahan pangaweruh yén karya sastra teu ngan saukur méré hiburan tapi ogé méré pangaweruh ngeunaan kahirupan sosial.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga nulis dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, sakumaha nu diébréhkeun ieu, dihandap.

Bab I eusina ngeunaan bubuka, kasang tukang, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori anu ngawengku carpon, ajén moral, jeung strukturalisme.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan, sumber data, désain panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngumpulkeun data.

Muhammad Iqbal Fathoni, 2023

*KUMPULAN CARPON SURAT TI PALMIRA KARYA HADI AKS (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN MORAL)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bab IV eusina ngeunaan data jeung pedaran hasil panalungtikan, hasil ngolah jeung nganalisis data anu ngawengku ajén moral jeung struktural dina kumpulan carpon *Surat ti Palmira*.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi. Panalungtik nyieun kacindekan hasil analisis sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan lianna.